



Pou Piblikasyon Imedya: 19/11/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**REPRIME VÒL NAN KOMÈS AN DETAY YO: GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE
GWROUP TRAVAY LAPOLIS ETA NOUYÒK KI RESPONSAB POU LITE KONT VÒL
ÒGANIZE NAN KOMÈS AN DETAY TE REKIPERE PLIS PASE 2.6 MILYON DOLA
NAN MACHANDIZ YO VÒLÈ**

*Yon total 1,224 arestasyon epi 2,146 akizasyon kriminèl te fèt nan kad 1,006
operasyon atravè tout eta a*

*Gwoup Travay ki genyen 100 manm nan Lapolis Eta a ki devwe, Pwokirè Distri yo
ak Ajans Fòs de Lòd Lokal yo*

*Vòl nan komès an detay yo bese plis pase 13 pousan de yon ane a yon lòt nan Vil
Nouyòk, pandan ke ti vòl yo desann 13 pousan nan rès eta a*

Gouvènè Hochul anonse jodi a Gwoup Travay Lapolis Eta Nouyòk ki Responsab pou Lite Kont Vòl Òganize nan Komès an Detay te rekipere plis pase 2.6 milyon dola nan machandiz yo vòlè nan tout eta a depi lansman nouvo inisyativ pou lite kont vòl nan komès an detay nan mwa avril 2024 la. Nan 1,006 operasyon, Lapolis Eta a ansanm ak patnè fòs de lòd lokal yo te fè 1,224 arestasyon epi depoze 2,146 akizasyon. Efò yo mete ansanm pou konbat ogmantasyon vòl ki te fèt pandan peryòd pandemi an te pèmèt vòl nan komès an detay yo diminye 13.6 pousan de yon ane a yon lòt nan Vil Nouyòk, epi yon diminisyon 13 pousan nan ti vòl andeyò Vil Nouyòk soti nan mwa janvyè rive mwa jen nan ane sa a parapò ak menm peryòd la ane pase a.

"Aprè pandemi an, detayan nan Nouyòk yo te fè fas ak yon gwo ogmantasyon vòl òganize nan komès an detay, se poutèt sa nou te investi nan fòs de lòd yo epi nou te ranfòse lwa nou yo pou kenbe moun ki komèt krim yo responsab, pwoteje travayè yo, epi sipòte pwopriyetè ti biznis yo ki se poto mitan ekonomi nou an," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Grasa travay Gwoup Travay Lapolis Eta a ki Responsab pou Lite Kont Vòl Òganize nan Komès an Detay, patnè nou yo nan fòs de lòd lokal yo ak Pwokirè Distri yo atravè Eta a, nou ap rekipere plis machandiz yo te vòlè, fè plis arestasyon epi jwenn rezilta pozitif."

Sirentandan Lapolis Eta Nouyòk la, Steven G. James, te deklare, "Lapolis Eta Nouyòk fyè pou kontinye kolabore ak patnè fòs de lòd nou yo pou konbat ogmantasyon nan vòl nan komès an detay. Vòl nan komès an detay non sèlman afekte biznis yo sou plan finansye, men li toumante tou pwopriyetè biznis yo, travayè nan komès detay yo ak

kliyan yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou konfyans ak sipò kontinyèl li an favè Lapolis Eta Nouyòk la nan batay kont vòl nan komès an detay nan Eta Nouyòk."

Aprè yon ogmantasyon vòl nan komès an detay yo rapòte nan vil Nouyòk aprè pandemi an, ansanm ak yon ogmantasyon ti vòl yo rapòte nan tout eta a, Gouvènè Hochul te envesti plis pase 40 milyon dola nan biwo Pwokirè Distri yo, nan fòs de lòd lokal yo, ak nan ekip vòl nan komès an detay nan Lapolis Eta a ki gen 100 Ofisye Lapolis ki devwe. Li te pwopoze nouvo inisyativ tou pou ranfòse lwa yo, kenbe moun ki komèt krim yo responsab, pwoteje travayè nan komès an detay yo, epi sipòte ti biznis yo, ki gen ladan:

- Leve zak agresyon kont yon travayè nan komès an detay soti nan yon ti krim pou li vin yon gwo krim, asire nenpòt moun ki koze blesi fizik sou yon travayè nan komès an detay pandan l ap fè travay li ka sibi sanksyon penal ki pi sevè.
- Pèmèt pwokirè yo konbine valè machandiz yo volè yo lè yo depoze akizasyon pou ti vòl, epi pèmèt yo regwoupe machandiz an detay ki soti nan diferan magazen nan bi pou yo atenn yon limit vòl ki pi wo lè yo vòlè yo nan kad menm konplo kriminèl la.
- Fè li ilegal pou ankouraje vant machandiz yo vòlè pou ale dèyè vandè twazyèm pati yo.
- Jwenn 5 milyon dola pou finanse kredi enpo pou ede ti biznis yo envesti epi soulaje chay finansye pou plis mezi sekirite.

Dènye [done sou krim Depatman Lapolis Vil Nouyòk te rapòte](#) montre yon diminisyon de yon ane a yon lòt nan plizyè kategori krim, tankou yon diminisyon 3 pousan nan tout plent kont krim yo, yon bès 20.5 pousan nan asasina, yon bès 23.2 pousan nan fiziyad, ak yon diminisyon 9.5 pousan nan vòl kalifye.

Prezidan Downtown Brooklyn Partnership, Regina Mayer, te deklare, "Kòm moun k ap jere koridò komès an detay ikonik Fulton Mall la, nou konnen ak pwòp eksperyans nou kijan vòl nan komès an detay ka fè gwo dega sou biznis ki fè sant vil nou yo pwospere. Nou aplodi angajman Gouvènè Hochul paske l pwoteje biznis yo atravè tout Eta Nouyòk ak Gwoup Travay Kont Vòl nan Komès an Detay la, epi nou swete kontinye travay nou pou sipòte detayan isit la nan Sant Vil Brooklyn."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)